

**TIT RÈGLEMAN AN:** Règleman sou Asistans Finansyè

**Depatman ki Responsab la:** Biwo Jesyon Revni

**Dat Kreyasyon an:** 22/10/2001

**Dat yo Revwa l:** 27/04/2023

**Dat Revizyon an:** 26/09/2024

**MOUN KI SOUMÈT LI (OTÈ A) SE:** Janette Sanchez, Esq.

**Tit li:** Vis Prezidan Finans Sosyete a

**MOUN KI APWOUVE L LA SE:** Matthew Arsenault

**Tit li:** Vis Presidan Ekzekitif e Direktè Finansyè

**PIBLIYE (Difize):** 26/09/2024

### **REZIME AK OBJEKTIF:**

Prezante konsèy pou l bay pasyan asistans finansyè, ikonpri konsèy pou l kominike disponibilite pwogram yo ak konsèy sou kijan l anrejistre ak rapòte asistans finansyè yo akòde.

### **RÈGLEMAN:**

Etan l ap pousuiv objektif byenfesans li ak misyon l ki pèmèt li ekzante-taks, Baptist Health Florida ansanm ak chak lopital li posede entegralman yo ak tout filyal ki make nan dokiman Annèks 1 ("BHSF" oswa "Baptist Health"), lap bay asistans finansyè pou moun ki bezwen sa. BHSF ap konfòme l ak tout lwa federal, tout lwa leta, ak tout règleman e ak tout prensip ki jere dispozisyon ak anrejistremant asistans finansyè. Pou l ka kenbe yon jesyon ki efikas, chak ane li pral mete nan bidjè li dispozisyon li pran pou asistans finansyè.

Pou favorize sante ak byennèt kominote li desèvi a, moun ki pa gen asirans e ki pa gen anpil resous finansyè ki pa ka gen aksè pou yo jwenn pwogram sosyal, moun sa yo ap elijib pou resevwa sèvis swen sante gratis selon de kritè ki etabli. Kritè elijibilite yo ap sitou baze sou Direktiv pou Pòvrete Federal la (Federal Poverty Guidelines) epi yap mete yo ajou chak ane anmenm tan ak mizajou Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (United States Department of Health and Human Services) pibliye yo. Yo ka revize kritè elijibilite yo lè yo ka swa ajoute oswa diminye ladan yo, selon sa ki nesese. Objektif kritè elijibilite a selon règleman sa a se pou alwe resous pou asistans finansyè dapre kapasite yon pasyan genyen pou l peye.

Yo ka refize bay yon pasyan asistans finansyè si pasyan an elijib pou lòt resous ki bay pwoteksyon asirans tankou Medicaid oswa yon plan Echanj Asirans Sante (Health Insurance Exchange) ki sibvansyone e si pasyan an refize aplike pou resous sa yo.

Règleman sa a aplike pou montan yo chaje pasyan pou sèvis ke okenn asirans sante oswa lòt sous peman (paregzanp, tyès pati, asirans oto, asirans dedomajman pou travayè, elatriye) pa kouvri. Si yo detèmine ke pasyan an gen posibilite pou l peye tout bil la oswa yon pòsyon ladann, desizyon sa a pap anpeche ke yo re-evalye kapasite moun nan genyen pou l peye nan yon pwochen dat alavni. Yap re-evalye pou wè si moun nan bezwen asistans finansyè nan moman suivan yo:

1. Sèvis yo bay pasyan an apre sa,
2. Lè gen chanjman nan revni a oswa,
3. Lè gen chanjman nan kantite moun ki gen nan fanmi an.

Règleman sa a pa aplike pou sèvis yo bay nan sèvis Swen Ekspres (Express Care), oswa nan sèvis Swen sou Demand (Care on Demand), oswa sèvis nan nenpòt pratik konsyèj nan Baptist Health

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

Medical Group. Gade dokiman Annèks 1 an pou ka wè founisè ki bay sèvis règleman sa a kouvri. Pou Bethesda Hospitals East ak West, règleman sa a aplike pou pasyan ki resevwa swen Emèjan ak swen Dijans (jan yo defini l). Metsouli, règleman sa a pa aplike pou chiriji kosmetik ni pou lòt pwosedi ki pa nesèsè sou plan medikal pou dyagnostik oswa tretman maladi oswa blesi. Règleman sa a aplike pou frè etablisman yo chaje ak frè medsen ki anplwaye yo chaje. Règleman an pa aplike pou frè doktè ki travay an prive yo chaje e li pa aplike nonplis pou bil lòt konpayi endepandan yo chaje. Si w ale sou entènèt, w ap jwenn yon lis founisè ki bay swen dijans oswa swen medikal ki nesèsè nan etablisman lopital Baptist Health yo e lis sa a presize ki founisè ki kouvri anba règleman sa a ak sila ki pa kouvri anba règleman an; annik ale nan <https://baptisthealth.net/patient-resources/billing-and-financial-assistance/affiliated-practices-and-practitioners>.

Yap limite alokasyon pou resous asistans finansyè BHSF pou pasyan ki:

1. Rete:

- a. Nan Miami-Dade County
- b. Nan Broward County (se sèvis founisè yo bay nan Broward County sèlman, e wap jwenn founisè sa yo nan dokiman Annèks 1)
- c. Nan Palm Beach County ak
- d. Nan zòn ki onò bòn milyaj 25 (mile marker) nan Monroe County OSWA

2. Pou pasyan ki te resevwa/ki bezwen resevwa sèvis emèjan oswa sèvis dijans pou yon evènman grav. Si prezantasyon evènman grav la gen rapò ak yon kondisyon onkolojik ki deja ekziste, oswa ak lòt kondisyon kadyak oswa ak lòt kondisyon kwonik ki ekzije tretman anplis de estabilizasyon dijans la, elijiblite swen charitab la (charity care eligibility) pap ka kouvri tretman ki pa dijans la (tankou chiriji ki pa emèjan, komyoterapi, terapi radyasyon). Lòt aplikan ki bezwen bagay espesyal (kòm paregzanp mank sèvis nan pwòp zòn jewografik yo), y ap konsidere aplikan sa yo sou yon baz ka-pa-ka, selon sa resous nan bidjè a pèmèt.

Si pou yo konsidere bay yon pasyan asistans finansyè, fòk pasyan an kowopere pou l bay enfòmasyon ak dokimantasyon ki nesèsè pou l aplike pou lòt resous finansyè ki egziste e ki ka disponib pou peye pou swen sante l, tankou Medicaid. Se responsabilite pasyan yo pou yo ranpli fòmilè aplikasyon ki obligatwa yo, epitou yo fèt pou bay tout kowoperasyon yo pou rasanble enfòmasyon yo ak bay kowoperasyon yo nan pwosesis evalyasyon an, defason pou yo ka konnen si pasyan an elijib pou asistans finansyè. Pral gen konseye finansyè BHSF kap disponib pou ede pasyan yo konplete aplikasyon an.

Nesesite pou tretman medikal ijan oswa dijans pou kèlkeswa pasyan an ap baze sou jijman klinik founisè tretman an san yo pa teni kont de sitiyasyon finansyè pasyan an. Nap trete tout pasyan ak respè, jantiyès, san paspouki e avèk koutwazi nan atitud, nan manyè ak ton vwa nou itilize, kit yo ka peye, kit yo pa ka peye.

Resous yo limite e li nesèsè pou tabli limit ak direktiv. Nou pa kreye limit ak direktiv sa yo pou n refize ni dekouraje moun ki nan bezwen kap chèche tretman. Direktiv sa yo la pou asire ke resous Baptist Health konsakre pou pasyan l yo konsantre sou pasyan ki plis bezwen yo e ki gen mwens kapasite pou peye pou yo a, olye pou yo konsantre sou sila ki pa vle peye yo.

### **ANGAJMAN POU BAY SWEN MEDIKAL DIJANS:**

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

Lopital Baptist Health yo bay moun swen pou pwoblèm medikal dijans san li pa diskrimine, kit moun sa yo elijib, kit yo pa elijib pou resevwa asistans selon règleman sa a. Lopital Baptist Health yo pap angaje yo nan okenn aksyon ki dekouraje moun pou yo chèche swen medikal dijans, kòm paregzanp lè yo mande pasyan ki nan depatman dijans yo pou yo peye anvan menm yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa lè yo otorize aktivite rekouvreman dèt ki entèfere ak prestasyon swen medikal dijans, san diskriminasyon. Konfòmeman ak prensip EMTALA, yo bay tout pasyan lopital Baptist Health sèvis medikal dijans, ikonpri transfè dijans, san diskriminasyon, konfòmeman ak règleman EMTALA nan chak lopital Baptist Health.

Enfòmasyon suivan yo bay nivo asistans finansyèl ki anba règleman sa a:

Klasifikasyon	Responsab pou administrasyon	Kritè liy direktiv yo 1 (ki baze sou nivo povrete federal yo [FPL])	Rabè yo fè sou frè brit yo chaje a
Kalifye <sup>2</sup> onivo leta oswa onivo federal	Vis Prezidan Biwo Jesyon Revni	Revni famiyal ki 200% Nivo Pòvrete Federal (FPL) la oswa mwens (ki pa depase \$75,000)	100%
Asistans finansyèl ki baze sou bezwen espesyal	Vis Prezidan Biwo Jesyon Revni	Revni famiyal ki 200% a 300% Nivo Pòvrete Federal (FPL) (ki pa depase \$75,000)	100%

<sup>1</sup>Yo itilize nivo pòvrete federal yo kòm kritè elijiblite debaz pou règleman sa a. Gade Atachman 2 pou ka wè Direktiv sou Pòvrete Federal yo. Yo ka konsidere lòt enfòmasyon finansyèl tankou byen moun posede ak chaj lopital yo.

<sup>2</sup> Kont ki kalifye nan nivo sa a ka klasifye antanke kont "ki kalifye onivo leta oswa onivo federal" pouvike dat egzemat pasyan an tonbe nan menm ane fiskal la oswa nan peryòd 2 ane fiskal anvan anilasyon an. Si dat egzemat la tonbe anvan lè sa a, yap klase asistans finansyèl a antanke "asistans finansyèl ki baze sou bezwen espesyal."

**BAZ POU KALKILE MONTAN YO CHAJE PASYAN YO:**

Pasyan ki kalifye pou asistans finansyèl selon règleman sa a resevwa 100% rabè (sètadi swen gratis). Sa fèt konfòmeman ak Règleman Depatman Trezò Etazini, Seksyon (§) 1.501(r)-5(b)(1); sepandan, Baptist Health gen obligasyon pou l idantifye metòd chak etablisman ospitalye itilize pou l decide ki montan, anjeneral, lap faktire moun ki gen asirans ki kouvri ka dijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè ("Montan yo Faktire Anjeneral, "AGB"). Kidonk, yo pa p chaje yon pasyan ki elijib pou asistans finansyèl plis pou swen dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè onivo medikal pase AGB. Baptist Health itilize Metòd Medicare Potansyèl la pou tabli AGB. Selon metòd sa a, yo itilize pwosesis faktirasyon ak kodaj ke Baptist Health ta itilize pou l kalkile AGB si moun ki elijib pou asistans finansyèl (FAP) a te yon benefisyèl frè pou sèvis Medicare epi lè l fikse AGB a pou swen an nan montan ke Baptist Health detèmine ki tap montan total Medicare tap otorize pou swen an

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

(ikonpri toulede, montan ke Medicare tap ranbouse a ak montan ke benefisyè a tap responsab pou l peye pèsònèlman sou fòm kopeman, ko-asirans ak dediktib). Baptist Health pa voye fakti ni li pa antisipe resevwa peman pou chaj brit nan men moun ki kalifye pou asistans finansyè selon règleman sa a.

Baptist Health ap fè efò rezonab pou l detèmine si yon pasyan elijib pou asistans finansyè anvan l angaje nan aksyon rekouvremant ekstraòdinè (gade pwosedi 6 ki anba a).

**KONTÈKS/APLIKABILITE:**

Règleman sa a aplike pou tout lopital Baptist Health South Florida (BHSF) posede entegralman ak tout filyal ki make nan dokiman Annèks 1 ki bay swen dijans ak lòt swen ki nesèsè sou plan medikal aleksepsyon de Swen Eksprès (Express Care), Swen sou Demand (Care on Demand), oswa nenpòt aktivite konsyèj Baptist Health Medical Group konn ofri.

**PWOSEDI POU ASIRE KONFÒMITE:****1. Definisyon yo:**

- a. **AGB:** Se montan yo faktire anjeneral pou swen dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè onivo medikal pou moun ki kouvri anba asirans.
- b. **Peryòd Aplikasyon:** Se peryòd Baptist Health genyen pou l aksepte ak trete yon aplikasyon pou asistans finansyè selon Règleman pou Asistans Finansyè l (Financial Assistance Policy) ke yon moun soumèt, defason pou l fè tout sa l kapab pou l detèmine si moun nan elijib pou l resevwa asistans finansyè selon règleman an. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay moun nan swen an epi l fini nan dat ki pi lwen an, ki swa nan 240yèm jou apre dat yo bay premye etadkont pou bil apre egzeyat pou swen an oswa omwen 30 jou apre Baptist Health bay moun nan yon avi alekri ki tabli yon dat limit e ke apre dat limit sa a yo ka kòmanse pran aksyon ekstraòdinè.
- c. **Byen yo:** Pami byen yo gen lajan kach ak investisman ki disponib imedyatman tankou kont epay ak kont kouran ansanm ak lòt investisman, ikonpri fon retrèt oswa fon IRA, valè asirans vi, kont fidisyè, elatriye. Pami byen yo genyen tou ekite sou yon rezidans prensipal ak lòt byen imobilye.
- d. **Revni Disponib:** Revni familyal anyèl divize pa 12 mwa, mwens depans mansyèl jan yo egzije l sou aplikasyon an.
- e. **Pasyan Emèjan ak Pasyan Ijan:** Pasyan ki prezante e ki resevwa tretman nan depatman dijans lopital BHSF (ikonpri pasyan ki entène ak pasyan ann obsèvasyon ke yo admèt atravè depatman dijans la) oswa nan sant ki bay swen ijan.
- f. **EMTALA:** Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay Aktif (Emergency Medical Treatment and Labor Act), 42 USC1935dd.
- g. **Mezi Koleksyon Ekstraòdinè (ECA nan lang angle):** Nenpòt aksyon yon etablisman lopital pran kont yon moun ki gen rapò a jwenn peman pou yon bil pou swen ki kouvri anba pwogram asistans finansyè lopital yo ki egzije pwosesis legal oswa jidisyè ikonpri men ki pa limite ak sa yo sèlman: plasman an-privilèj sou pwopriyete yon moun, sezi byen imobilye yon moun, sezi sou kont anbank yon moun oswa sou lòt byen pèsònèl, antame yon aksyon sivil kont yon moun, sezi salè, rapòte enfòmasyon negatif sou yon moun bay yon ajans ki rapòte kredi konsomatè ak lavant yon dèt endividyèl bay yon lòt pati.

- h. **Fanmi:** Pasyan an, konjwen l (ikonpri yon moun ki nan plasaj legal) ak depandan legal li yo konfòmeman ak règ Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Services) tabli. Kidonk, si pasyan an deklare yon moun antanke yon depandan l nan deklarasyon taks li, yo ka konsidere moun nan antanke depandan pou resevwa asistans finansyè a.
- i. **Revni Familyal:** Revni brit, salè, dividand, enterè, benefis Sekirite Sosyal, konpansasyon pou dedomajman travayè, benefis veteran, alokasyon pou moun ki nan fòmasyon, alokasyon militè, sipò regilye manm fanmi ki pa viv nan kay la konn bay, pansyon gouvènman, pansyon prive, peman asirans ak peman rant anyèl, revni ki soti nan lwaye, wayalti, patrimwàn ak twòs.
- j. **Asistans Finansyè:** Sèvis swen sante yo pat janm prevwa ki tap rantre lajan kach. Asistans finansyè se lè moun ki satisfè kriè etabli yo resevwa sèvis swen sante gratis oswa a yon pri redui.
- k. **k: Komite pou Asistans Finansyè:** Nan komite sa a, gen Direktè Finansye a, Vis Prezidan Finansye Sosyete a, Vis Prezidan Finans, Vis Prezidan Marketing ak Relasyon Piblik, Vis Prezidan Biwo Jesyon Revni, Vis Prezidan Swen Kontwole, Vis Prezidan Sèvis Finansye Pasyan, Vis Prezidan Aksè Pasyan ak Asistan Vis Prezidan Swen Pastoral.
- l. **Endijan sou plan Medikal:** Yon pasyan ki gen bil medikal oswa bil lopital ki depase yon pousantaj espesifik nan revni brit anyèl moun nan ke yo detèmine konfòmeman ak sistèm elijiblite antite swen sante a, e ki pa gen mwayen finansye pou peye rès bil la. Yo klase yon pasyan ki akimile depans medikal katastwofik antanke endijan sou plan medikal lè peman pou l fè a ta mande pou l likide byen li posede ki esansyèl pou l viv oswa ke lavant sa a ta koze gwo difikilte finansyè pou sistèm sipò fanmi an.
- m. **Nesesè sou plan Medikal:** Nan pi fò ka yo, se Medicare kap defini kisa ki nesèsè sou plan medikal (sèvis oswa atik ki rezonab e ki nesèsè pou dyagnostike oswa pou trete maladi oswa blesi). Lòt sèvis, yo pa konsidere ki nesèsè sou plan medikal selon rekòmandasyon Medicare, Baptist Health ap konsidere yo sou yon baz ka-pa-ka an konsiltasyon ak lidèchip ansanm ak Jesyonè Ka a e ak doktè Baptist Health.
- n. **Sila ki Pa Kouvri Anba Asirans:** Yon pasyan ki pa gen asirans sante oswa ki pa gen okenn lòt sous kap peye (paregzanp tyès pati, asirans machin, konpansasyon pou dedomajman travayè, elatriye) pou kouvri swen yo mande oswa swen yo administre. Anplis, chaj ki rete apre asirans la fin peye poutèt benefis la fin epuize oswa poutèt limit kouvèti yo espesifye an dola a bout (paregzanp benefis pasyan ki entènè ki se \$100/jou) se frè ki pa kouvri anba asirans. Asistans finansyè pou pasyan elektif ki fin itilize tout benefis li yo oswa ki gen limit nan kouvèti asirans la ki egzije otorizasyon Vis Prezidan an, Biwo Jesyon Revni. Deziyasyon pou pa kouvri anba asirans la pa aplikab a yon pasyan pou obligasyon ki soti nan pòch pasyan an pou kopeman, dediktib oswa ko-asirans.

## 2. Direktiv pou Asistans Finansyè:

- a. Vis Prezidan Sèvis Finansye Pasyan an oswa Vis Prezidan Biwo Jesyon Revni a oswa moun yo deziyen an pral konsidere kont pasyan ki medikalman endijan yo sou yon baz ka-pa-ka.
- b. Yap konsidere aplikasyon pou asistans finansyè yo kòm aplikasyon ki aktyèl pandan sis mwa oswa jiskaske yo detèmine gen yon chanjman nan sitiyan finansyè pasyan an.

## 3. Kominikasyon Pwogram:

- a. Règleman sa a, aplikasyon pou asistans finansyè ki konsène a ak enstriksyon pou aplikasyon yo ak yon rezime ak yon langaj senp ki esplike règleman sa a ap disponib nan fason suivan an:

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

- Sou demand, yon kopi enprime sou papye pa lapòs san yo pa mande pou pati kap fè demand nan peye pou sa.
  - Nan sitwèb Baptist Health la ([www.baptisthealth.net](http://www.baptisthealth.net))
  - Nan chak depatman ki gen aksè a pasyan nan lopital e nan chak sant swen ijan ki fonksyone anba lisans yon lopital
- b. Rezime ki ekri nan langaj senp la ap adrese pwen suivan yo:
- Yon rezime tou kout sou pwogram asistans finansyè a ak egzijans pou elijiblite yo
  - Kijan yon moun ka aplike pou asistans finansyè ak kijan pou l jwenn plis enfòmasyon ak yon kopi aplikasyon an
  - Sitwèb dirèk ak adrès fizik kote yon moun ka jwenn kopi Règleman sou Asistans Finansyè a ak fòmilè aplikasyon an.
  - Enstriksyon pou konnen kijan moun nan ka jwenn yon kopi gratis Règleman sou Asistans Finansyè a ak fòmilè aplikasyon atravè kourye.
  - Enfòmasyon pou kontakte resous lopital yo ki kapab reponn kesyon konsènan pwogram ak aplikasyon an.
  - Yon deklarasyon sou disponibilite pou tradiksyon Règleman sou Asistans Finansyè a, aplikasyon, ak rezime ki ekri nan langaj senp nan lòt lang
  - Yon deklarasyon ki di yo pap chaje okenn moun ki kalifye pou asistans finansyè plis pase montan yo abitye bil moun ki gen asirans sante
- c. Yap mete afich ki gen enfòmasyon debaz konsènan règleman sou asistans finansyè lopital la nan seksyon anrejistremant lopital yo.
- d. Baptist Health pral idantifye ajans piblik lokal ak òganizasyon ki pa travay pou pwofi ki adrese bezwen sante popilasyon kominotè ki gen revni ba epi BHI ap bay òganizasyon sa yo enfòmasyon debaz sou pwogram asistans finansyè a.
- e. Tout etadkont yo voye bay pasyan ki pa gen asirans, ikonpri etadkont ajans kolkesyon tyès pati, ke etadkont sa yo ap gen yon asistans finansyè ki vizib kap avize ak enfòm benefisyè a sou asistans finansyè ki disponib nan règleman sa a ak nimewo telefòn kote benefisyè a ka rele pou l jwenn enfòmasyon ak asistans.
- f. Tout enfòmasyon piblik ak/oswa fòmilè konsènan dispozisyon asistans finansyè ap itilize yon langaj ki apwopriye pou jande sèvis Baptist Health bay.

#### 4. Idantifikasyon Pasyan ki Potansyèlman Elijib:

- a. Lè gen posibilite, anvan yo anrejistre pasyan an, gen yon konseye finansyè ki pral fè yon entèvyou anvan anrejistremant an ak pasyan an, ak/oswa reprezantan legal li. Si pagen posibilite pou fè yon entèvyou anvan anrejistremant an, se pou yo fè entèvyou sa a lè yap anrejistre/admèt pasyan an oswa dèke yo kapab. Sizoka se yon admisyon dijans ki fèt, yo pa sipoze fè evalyasyon altènativ pou peman an toutotan yo pa bay pasyan an swen medikal li bezwen pou yo estabilize l.
- b. Yo ka idantifye pasyan ki potansyèlman elijib yo nenpòt kilè pandan yap bay sèvis oswa pandan pwosesis koleksyon an.
- c. Se pou yo refere pasyan ki petèt kapab kalifye pou pwogram asistans finansyè gouvènmantal bay pwogram ki apwopriye a, tankou Medicaid, anvan yo konsidere bay pasyan an asistans finansyè.

## 5. Desizyon Elijiblite:

- a. Yo fèt ou bay tout pasyan yo idantifye ki pa gen asirans anvan yo ba l sèvis ak/oswa pasyan yo egzeye antanke potansyèl benefisyè asistans finansyè , opòtinite pou l aplike pou asistans finansyè.
    - Ou ka jwenn aplikasyon pou asistans finansyè apre yo bay sèvis nan Sèvis Finansyè Pasyan e se la tou pou voye aplikasyon an tounen lè w fin ranpli l.
    - Antou lè ka, lè yap voye aplikasyon an bay pasyan an, fòk yo mete enfòmasyon ki gen direktiv debaz ladann ki endike ke gen yon konseye finansye ki disponib pou ede pasyan an ranpli aplikasyon an.
  - b. Pasyan an fèt pou l resevwa yon aplikasyon, li dwe ranpli l epi l fèt pou l bay tout done ki nesèsè pou yo verifye elijiblite l. Pou yo detèmine elijiblite a, fòk se atravè yon pwosesis verifikasyon e fòk li genyen omwen youn nan pyès dokimantasyon suivan yo:
    - i. Fòmilè prelevman fiskal W-2.
    - ii. Souch chèk pewòl yo.
    - iii. Deklarasyon taks.
    - iv. Fòmilè ki apwouve oswa ki pa apwouve konpansasyon chomaj oswa konpansasyon travayè.
    - v. Yon verifikasyon alekri ki soti nan ajans byennèt sosyal oswa ki soti nan nenpòt ajans gouvènman ki kapab konfime revni pasyan an pandan douz dènye mwa yo.
    - vi. Yon bon vèsman Medicaid ki montre ke benefis Medicaid pasyan an pou ane fiskal Medicaid an kesyon an fin epuize.
    - vii. Yon deklarasyon temwen ke pasyan an oswa pati responsab la siyen. Fòk deklarasyon an gen ladann yon mansyon ki di, konfòmman ak lwa leta a, si yon moun bay fo deklarasyon pou fwode yon lopital defason pou l jwenn byen ak sèvis, yo konsidere zak sa a kòm yon krim minè nan nivo dezyèm degre.
- Pami dokimantasyon yo oblije bay, fòk youn nan yo soti nan lis ki make nan i jiska vi ki make pi wo a eksepte pou pasyan emèjan/ijan ak pasyan ki entène kap tann ekzeyat e ki bezwen fè suivi medikal pou sèvis pasyan ki pa entène.
- c. Sizoka pasyan an pa ta bay ase enfòmasyon pou yo decide si li elijib pou l resevwa asistans finansyè, gen yon konseye finansyè ki pral bay pasyan an yon avi alekri pou fè pasyan an konnen ki enfòmasyon li manke. Fòk yo voye yon kopi rezime pwogram nan nan yon langaj ki senp anmenm tan ak avi sa a. Si gen yon konseye finansye ki idantifye yon aplikasyon meritwa ak dokiman ki pwouve l (tankou rapò yon biwo kredi) men manke yon eleman yo tabli nan seksyon b. anwo a (tankou si yon aplikasyon pagen siyati temwen an sou li), Vis Prezidan Sosyete a, Biwo Jesyon Revni oswa Vis Prezidan an, Sèvis Finansye Pasyan an ka apwouve asistans finansyè a antanke Asistans Finansyè pou Moun ki Gen Bezwen Espesyal (Special Needs Financial Assistance).
  - d. Yo ka itilize yon bon vèsman Medicaid ki montre ke benefis Medicaid pasyan an pou ane fiskal Medicaid an kesyon an fin epuize san yo pa menm bezwen yon aplikasyon alekri pou yo apwouve elijiblite pou asistans finansyè.
  - e. Gen yon sityasyon inik ki ekziste kote yon lopital admèt yon pasyan ki gen toulede, Medicare ak Medicaid, kote:

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

- Benefis Medicare Pati A pasyan an fin epuize nan kòmansman ou byen prèske nan kòmansman yon ane fiskal Medicaid (1ye jiyè) ak
- Benefis pasyan Medicaid ki entène fin epuize.

Nan senaryo sa a, Medicaid pa bay yon bon pou vèsman pou endike kouvèti Medicaid la epuize. Nan senaryo sa a, yo ka petèt apwouve asistans finansyè san aplikasyon asistans finansyè alekri e san yon bon pou vèsman Medicaid ki montre ke benefis Medicaid pasyan an epuize si yo kenbe dokiman suivan yo:

- i. Kopi bon pou vèsman Medicare ki demondre ke benefis yo fin epuize.
  - ii. Yon imaj ekran ki demontre elijiblite Medicaid pou tout admisyon an.
  - iii. Kopi paj Livrè Jeneral Founisè Medicaid Florida (Florida Medicaid Provider General Handbook) a ki espesifye règleman an pou Pasyan ki Entène Lopital ak Epuizman Benefis Medicare Part A (Inpatient Hospital and Medicare Part A Benefit Exhaustion).
  - iv. Kopi bil ki divize pou admisyon, ki separe chaj yo pou 1) Kouvèti Medicare Part A, 2) kouvèti Medicare e 3) peryòd apre epuizman benefis Medicare ak Medicaid.
- f. Si yon benefisyè Medicaid aplike pou asistans finansyè pou sèvis ki nesèsè onivo medikal nan yon etablisman Baptist Health oswa nan men yon founisè ki pa yon founisè Medicaid, yap konsidere ke benefisyè Medicaid la pa kouvri anba asirans pou sèvis sa yo e ke li elijib pou l aplike pou asistans finansyè. Nan ka sa yo, yo kapab itilize metòd pou valide elijiblite pasyan Medicaid la epi yo ka itilize yon bon vèsman ki pa aksepte benefis Medicaid san yon aplikasyon ekri ki pwouve elijiblite asistans finansyè. Si apre 60 jou ke yo voye bil la bay Medicaid li pa rejte l, yo pral mete yon imaj ekran ki montre elijiblite Medicaid pasyan an nan sistèm imajri dokiman an e yoka petèt apwouve kont la pou l resevwa asistans finansyè san yo pa soumèt yon aplikasyon alekri e san yo pa soumèt yon bon vèsman ki pa aksepte benefis Medicaid.
- g. Si yon benefisyè ki nan Distrik Sante Konte Palm Beach (Health District of Palm Beach County, "HDPBC") resevwa sèvis ki nesèsè onivo medikal nan yon etablisman Baptist Health oswa l resevwa nan men yon founisè ki pa gen kontra ak epi yo verifye kouvèti asirans medikal pasyan an ak HDPBC, yap prezime ke pasyan an elijib pou asistans finansyè pou sèvis emèjan.
- h. Yo pral bay aplikan yo yon rapò kredi ke yap rate puiske yo konsidere li nesèsè pou valide enfòmasyon yo bay nan aplikasyon an.
- i. Yo fèt pou kenbe yon dosye, an papye oswa elektwonik, ki dokimante idantifikasyon moun ki revwa ak apwouve oswa rejete aplikasyon an ak dat li pran desizyon sa a.
- j. Dèke yo fin konplete aplikasyon an e dèke yo fin soumèt dokiman ki apwopriye yo, gen yon konseye finansyè ki pral dokimante swa nan aplikasyon an oswa nan rezime ann anèks la: 1) apwouve oswa rejete; 2) non konseye finansyè a; 3) dat yo apwouve/rejete l ak 4) nenpòt kòmantè/enstriksyon.
- k. Baptist Health fasilite swen ospitalye pou pasyan ki nan sèten klinik charitab lokal. Klinik charitab lokal sa yo pral bay Baptist Health konfimasyon anyèl sou sa yo egziye pou elijiblite pou asistans finansyè yo. Anplisdesa, Baptist Health ap gen pou l fè odit peryodik sou dokiman ki sipòte eligiblite pasyan ke klinik charitab lokal sa yo apwouve. Yo bay klinik lokal charitab sa yo kòd plan asirans ki espesifik pou klinik yo itilize lè yap refere pasyan nan Baptist Health. Pasyan klinik charitab lokal sa yo apwouve pou asistans finansyè jwenn otorizasyon

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.



otomatikman pou gen asistans finansyè nan Baptist Health. Anplisdesa, yap konsidere desizyon elijiblite asistans finansyè klinik charitab lokal sa yo antanke desizyon ki kouran pandan on peryòd kap dire yon ane.

- l. Si yo kesyone kapasite yon pasyan pou l satisfè egzijans rezidans yo tabli nan règleman sa a, pasyan an fèt pou l prezante dokiman ki demontre ke li rete nan yon adrès ki elijib. Yon egzanp dokiman ki akseptab se bil sèvis itilite ki gen non pasyan an ak kote yo bay sèvis la. Avèk otorizasyon Vis Prezidan Sosyete a, Biwo Jesyon Revni an, yo ka petèt aksepte lòt dokiman ki pwouve rezidans pasyan an.
- m. Elijiblite prezime – pasyan ki gen ka emèjan oswa ka dijans ki pa gen asirans, yo kapab prezime ke yo elijib nan sikonstans limite. Pasyan yo detèmine ki gen elijiblite yo prezime pou asistans finansyè, yap ba yo asistans finansyè a 100%, epi yo pap egzije pou yo satisfè kritè revni yo, kritè elijiblite pou byen yo posede, oswa yo pap oblije ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè. Men sikonstans ki elijib pou asistans finansyè prezime:
  - Pasyan an mouri epi l pa gen okenn patrimwàn, oswa
  - Adrès yo gen nan dosye pasyan an se sanzabri oswa yon mezon dakèy pou sanzabri, oswa
  - Yon vandè endepandan, donk yon tyès pati ki gen ekspètiz ak eksperyans nan jande desizyon sa a te detèmine ke pasyan an elijib.

#### 6. Faktirasyon ak Rekouvremant

- a. Baptist Health fèt pou l pran etap suivan yo pou l ka demontre gen efò rezonab ki te fèt kòm kwa pou desid si wi ou non, yon pasyan elijib pou asistans finansyè:
  1. Avize pasyan an sou ekzistans pwogram asistans finansyè a anvan li antame nenpòt ECA pou l jwenn peman pou swen epi li pap antame okenn ECS pandan omwen 120 jou apatide dat li t evoye etadkont pou bil swen apre egzeyat la.
  2. Bay avi alekri ki gen rapò ak konplete yon aplikasyon asistans finansyè pou yon pasyan ki soumèt yon aplikasyon ki pa konplè pandan Peryòd Aplikasyon an (Gade nan pwosedi 5c anwo a) epi sispann tout ECA pou resevwa peman pou swen pandan yon peryòd rezonab defason pou pasyan reponn.
  3. Pran yon desizyon epi dokimante l asavwa si pasyan an elijib pou l resevwa asistans finansyè pou yon pasyan ki ranpli yon aplikasyon nan peryòd Peryòd Aplikasyon an (Gade pwosedi 5h ak 5i anwo a) epi sispann ak tout aktivite koleksyon (ECA) pou resevwa peman pou swen an jiskaske yo pran yon desizyon sou yon asistans finansyè.
  4. Avize pasyan an omwen 30 jou anvan w antame youn oswa plizyè aktivite koleksyon (ECA) pou resevwa peman pou swen yo selon kondisyon suivan yo:
    - a. Bay moun nan yon avi alekri ki fè konnen gen asistans finansyè ki disponib pou moun ki elijib yo, idantifye ECA(yo) ke etablisman lopital la (oswa ke lòt pati otorize) gen entansyon antreprann pou l resevwa peman pou swen yo bay, epi pou yo deklare yon dat limit epi apre dat limit la, ECA(yo) ka kòmanse sepandan pazavan 30 jou apre dat yo bay avi alekri a.
    - b. Bay moun nan yon rezime Rèleman Asistans Finansyè a ki ekri nan langaj senp ansanm ak avi alekri a.
    - c. Fè tout sa w kapab pou pale ak moun nan konsènan Règleman sou Asistans Finansyè etablisman ospitalye a genyen epi esplike l kijan l ka jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon pou asistans finansyè a.

5. Kenbe epi ranfòse akò irevokab legal ak tyès pati kote yo refere dèt yon pasyan oswa dèt yo vann pou konfonme ak sèten egzijans tankou sa yo:
- Si moun nan soumèt yon aplikasyon pou asistans finansyè apre yo fin refere oswa vann dèt la mèzalò anvan fen Peryòd Aplikasyon an, pati a pral sispann aktivite koleksyon (ECA) pou l jwenn lajan pou swen l yo.
  - Si moun nan soumèt yon aplikasyon pou asistans finansyè apre referans oswa apre vant dèt la anvan Peryòd Aplikasyon an fini epi yo deside moun nan elijib pou asistans finansyè, men kisa pati a pral fè san pèdi tan:
    - Lap konfòme l ak pwosedi yo defini nan akò a ki asire ke moun nan pa peye, epi l pa gen okenn obligasyon pou l peye ni pati a ni Baptist Health ansanm plis pase sa moun nan oblije peye pou swen an antanke moun ki elijib pou asistans finansyè.
    - Si l aplikab e si pati a (olye se Baptist Health) gen otorite pou l fè sa, pran tout mezi rezonab pou chanje nenpòt aktivite koleksyon (ECA) (apade vann yon dèt) ke yo pran kont moun nan.
    - Si pati a refere oswa si l vann dèt la bay yon lòt pati ankò pandan Peryòd Aplikasyon an, pati a pral resevwa yon akò alekri nan men lòt pati sa a ikonpri tout eleman ki anwo yo.
  - Yon fwa yo deside yon pasyan elijib pou asistans finansyè, Baptist Health fèt pou l:
    - Avize pasyan an sou dezizyon an alekri a.
    - Ranbouse kèlkeswa peman li resevwa pou sèvis ke otorizasyon asistans finansyè a te kouvri (amwenske montan ann eksè sa a mwenske \$5 oswa ke yo te pibliye lòt montan sa a nan Bilten Internal Revenue a).
    - Annile kèlkeswa aksyon koleksyon ekstraòdinè yo te pran kont pasyan an.
  - Anvan yo otorize yon kont pou Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè, yo dwe fè yon revizyon final sou kont la epi fòk Asistan Vis Prezidan Sèvis Finansye Pasyan an apwouve l pou l asire l ke yo konplete tout efò posib pou deside si pasyan an elijib pou asistans finansyè.

#### **7. Avi sou Dezizyon Elijiblite:**

- Direktiv klè asavwa kantite tan yo bezwen pou revwa aplikasyon an epi yo ta dwe bay pasyan an yon dezizyon lè lap fè aplikasyon an. San pèdi tan, yap bay yon dezizyon alekri ki limenm ap bay yon rezon ki fè yo rejte aplikasyon an; anjeneral sa fèt 30 jou apre yo fin resevwa aplikasyon an okonplè.
- Si yo te itilize yon rapò biwo kredi a pou deside ke yon pasyan pa elijib pou asistans finansyè, fòk yo rapòte dokiman biwo kredi yo itilize a bay pasyan an konfòmeman ak ekzijans Lwa pou Rapòte Kredi San Paspouki (Fair Credit Repeating Act).
- Aplikasyon pou asistans finansyè pou kont pasyan kap tann otorizasyon Medicaid; yo pap travay sou aplikasyon sa yo toutotan Sèvis Finansyè Pasyan pa resevwa avi final ki soti nan pwogram Medicaid oswa ki soti nan elijiblite yon konsiltan ki se yon tyès pati. Si yo pa resevwa avi a sou 120 jou apatide dat egzey a, yap travay sou aplikasyon pou asistans finansyè a, epitou yap avize pasyan an sou sa; e anjeneral sa fèt nan 30 jou apre (amwenske Medicaid voye yon avi otorizasyon nan peryòd sa a).

#### **8. Siveyans ak Rapò:**

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

- a. Yo pral rapòte asistans finansyè chak ane nan Rapò Benefis Kominote a (Community Benefit Report) epi yap rapòte l chak trimès bay Komite Benefis Kominote a (Community Benefit Committee).
- b. Fòk asistans finansyè yo rapòte bay Leta Florida satisfè direktiv sou rapò asistans finansyè leta a. Yo amande direktiv sa yo regilyèman. Kritè elijiblite aktyèl la se revni fanmi ki a 200% oswa mwens nan firektiv povrete federal la oswa fòk montan chaj lopital pasyan an dwe depase 25% de revni ànyèl fanmi pasyan an. Sepandan, nan okenn ka, lopital la pa ka chaje yon pasyan lè revni fanmi l depase de kat fwa direktiv federal yo tabli pou yo konsidere asistans finansyè pou yon fanmi ki gen kat moun ladann, onivo leta.

**9. Enfòmasyon pou Kontakte Lopital la:**

Sitwèb	<a href="https://baptisthealth.net/patient-resources/billing-and-financial-assistance">https://baptisthealth.net/patient-resources/billing-and-financial-assistance</a>
Telefòn	Ou ka pale ak yon Konseye Finansyè, annik rele 786-596-6507 (Lendi jiska Vandredi – 9:00 AM – 4:30 PM)  Pou Lopital Bethesda yo, 561-737-7733 ekstansyon 84671
Pa Lapòs	Mande yo voye enfòmasyon an alekri oswa voye yon aplikasyon pa lapòs bay Baptist Health South Florida, Inc., P.O. Box 830880, Miami, FL 33283
An Pèsòn	Ou ka ale nan nenpòt depatman admisyon nan nenpòt lopital Baptist Health yo pou rankontre yon Konseye Finansyè (gade Annèks 1)

**DOKIMANTASYON KÒM SIPÒ/KÒM REFERANS:**

- Lwa Florida 395.301 (8) Bòdwo Detaye Pasyan
- Lwa Florida 381.026 (4)(c)3 Deklarasyon Dwa ak Responsabilite Pasyan Florida, Dwa Pasyan, Diyite Endividyèl
- Lwa Florida 409.11 (1)(c) Pwogram Pataj Dispropòsyone (Disproportionate Share Program), Definisiyon Swen Charite
- Kòd Revni Entèn § 501(r); Règ. Trez.. § 1.501(r)-1 et seq.

**RÈGLEMAN, PWOSEDI KONÈKS, AK FÒMILÈ APLIKAB YO:**

- Atachman: Kritè elijiblite pou Pwogram Asistans Finansyè (Financial Assistance Program) nan Baptist Health South
- Evalyasyon Finansyè ak Fòmilè Demann pou Asistans Finansyè

**EKZEKISYON AK SANKSYON:**

Règleman sa a, se Vis Prezidan Sosyete a, Biwo Jesyon Revni ak Asistan Vis Prezidan, Swen Pastoral ki pral ranfòse l. Vyolasyon règleman sa a ka lakoz yo pran aksyon disiplinè, e li ka menm lakoz revokasyon.

**ATACHMAN 1**

**Baptist Health Florida** ansanm ak lopital li posede entegralman yo ak tout filyal yo

**Baptist Hospital**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**Bethesda Hospital East**

2815 S Seacrest Blvd  
Boynton Beach,  
Florida 33435

**Bethesda Hospital West**

9655 W Boynton Blvd  
Boynton Beach,  
Florida 33472

**Doctors Hospital**

5000 University Drive  
Coral Gables, Florida 33146

**Fishermen's Community Hospital**

3301 Overseas Highway  
Marathon, Florida 33050

**Homestead Hospital**

975 Baptist Way  
Homestead, Florida 33033

**Mariners Hospital**

91500 Overseas Highway  
Tavernier, Florida 33070

**South Miami Hospital**

6200 SW 73 Street  
Miami, Florida 33143

**West Kendall Baptist Hospital**

9555 SW 162 Avenue  
Miami, Florida 33196

**Baptist Outpatient Services**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**Baptist Health Medical Group**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**Baptist Health Medical Group Oncology**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**Baptist Health Medical Group North**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**Baptist Health Medical Group Orthopedics**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**Baptist Health Medical Group Upper Keys**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**Baptist Health Medical Group Oncology**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

**South Miami GYN Oncology**

8900 N Kendall Drive  
Miami, Florida 33176

## ATACHMAN 2

## Direktiv pou Pòvrete Federal Aktyèl

## KRITÈ ELIJIBLITE POU PWOGRAM ASISTANS FINANSYÈ NAN BAPTIST HEALTH SOUTH FLORIDA

Baze sou Direktiv pou Pòvrete Federal la, Sou nivo revni brit, 2025.

Kantite Moun nan Fanmi an	200% Nivo Pòvrete Federal (FPL) (100% rabè)	200 a 300% Nivo Pòvrete Federal (FPL) (100% rabè)
1	\$31,300	\$31,301 to \$46,950
2	\$42,300	\$42,301 to \$63,450
3	\$53,300	\$53,301 to \$75,000
4	\$64,300	\$64,301 to \$75,000
5	\$75,000	\$75,000
6	\$75,000	\$75,000
7	\$75,000	\$75,000
8	\$75,000	\$75,000
Si li plis pase 8, ajoute montan yo endike a pou chak manm anplis	Li pa aplikab – lap depase \$75,000	Li pa aplikab – lap depase \$75,000